ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 4 июнь 2026 год № 11 (603)



ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ




А.-Х. Кадыров

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## УСТРАДА-ГІАЛИН КЕШНАШКАХЬ БЕЛХИ ХИЛИРА

**УСТРАДА-ГІАЛИН БАХАРХОЙН ДИКА ЛАМАСТ ХИЛЛА ДІАХІОЬТТИНА ШАЙН КЕШНАШКАХЬ ЦІАНО ЛАТТОР. УСТРАДА-ГІАЛАХЬ ДОЛЧУ ШИНА КЕШНАШКАХЬ ЦІАНО ЛАТТАЙО ЙУЬРТАХОША, ГІАЛИН ПРЕДПРИЯТИЙН, ОРГАНИЗАЦИЙН, УЧРЕЖДЕНИЙН БЕЛХАХОША. БЕЛЛАРШ БИЦ ЦА БАР, КЕШНАШ БІАЬРА-ЭСЕХЬ ЛАТТОР – ИЗА КЪЕГИНА ОЬЗДАНГАЛЛИН ГАЙТАМ БУ ГІАЛАХЬ БЕХАШ БОЛЧУ НЕХАН. ДУКХА ХЬОЛАХЬ КЕШНАШКА ВОГІУШ ВЕРГ ШАЙН ГЕРГАРЧИЙН КОШАН БАРЗ ТОБАН ВОГІУШ ХУЬЛУ, ТКЪА БЕЛХИХ БАЬХКИНЧАРА ДЕРРИГЕ КЕШНАШ А, КЕШНИЙН КЕРТ А ЦІАНЙО.**





Бусалба динан хазачу ламастех ду цIано йезаш а, ларйеш а хилар. Цул сов, нохчийн къоман амал а йу муьлххачу метте шаьш кхаьчча а уггаре хьалха Iер-дахаран хьелаш тодеш, кир-горгам хьоккхий а, сир-басар тухий а шаьш долу меттиг къагош. Нохчийн къоман ламасташ хьахочохь, кхечу къоман векалша хийлазза билгалдина, дийна болчеран санна, сийдо нохчаша шайн беллачийн а олий. Иза шен бух болуш а ду. ХIунда аьлча муьлхха а дика гIуллакх дIадолош уггаре а хьалха белхи бо кешнийн хьаьрмахь. ТIаккха дIасалуьсту дисина гIуллакхаш а.

Устрада-ГIалин бахархойн дика ламаст хилла дIахIоьттина шайн кешнашкахь цIано латтор. Устрада-ГIалахь долчу шина кешнашкахь цIано латтайо йуьртахоша, гIалин предприятийн, организацийн, учрежденийн белхахоша. Белларш биц ца бар, кешнаш бIаьра-эсехь латтор – иза къегина оьздангаллин гайтам бу гIалахь бехаш болчу нехан. Дукха хьолахь кешнашка вогIуш верг шайн гергарчийн кошан барз тобан вогIуш хуьлу, ткъа белхих баьхкинчара дерриге кешнаш а, кешнийн керт а цIанйо.

Кешнаш – иза йеза меттиг а, бусалба стеган тIаьххьара хинйолу хIусам а йу, цундела хIора стаг а, муьлххачу даржехь велахь а, дIа ца тоьттуш, белхих дакъалоцуш хила веза. Кешнаш хьакъ долчу къепехь латтор – Дела реза хир волу гIуллакх ду. Вайн пайхамара (с.а.с) аьлла: «Кешнашка гIо, веллачун коша барз дийна волуш санна ларбе. Кешнашка вахаро валар дагадоуьйту».

Карарчу шеран хIутосург беттан 23-чу дийнахь йуьртдас Масаев Илеса а, къеда волчу Доскаев Юнус-хьаьжас а бинчу кхайкхамца Шоссейни урамца долчу кешнашкахь белхи хилира. Устрада-ГIалин предприятийн, организайийн, учрежденийн а, векалш бара и мелехь болу болх беш: бензина тIехь болх бечу калла олуш, вистхилира гIалин къеда Доскаев Юнус-хьаьжа:

-Гергарчара бицбан ца беза шайн дIабоьхкина нах. Сихсиха кешнашка бахка беза, кошан барз тобеш, Къуръан доьшуш, доIа деш. Къуръана тIера дешначу хIора аято кешнашкахь мел волчуна а бала байбеш бу боху, Къематде кхаччалц. Везачу Дала къаьсттана жоп ло доIина иза мангалшца буц хьоккхуш, кешнийн баьрзнаш цIандеш, мангалхошна тIаьхьара буц шаданашца, кIомсаршца оьланашка тIегулйеш. Белхех баьхкинчара де дохдаллац болх бира. Доггаха къахьегарца къаьсташ бара белхин дакъалацархой: Закаев Висмурд, Кагиров Идрис, Мажетов Султан, Азимов Турпал-Iела, Гайрбеков Бешто, Хайдарбиев Зяуди, Лечибилаев Iусман, Дельхаев Расул, Закаев Салауди, Мукаев Аьрзу, Мутаев ИбрахIим, иштта дуккха а кхиберш.

Белхех баьхкинчарна баргергарчара дина делахь. Вайн Устрада-ГIаларчу хIора стаге дехар ду-кх, шен вала везаран ойла йеш, шен веллачунна тIевар, цуьнан кошан дола дар, кхайкхам бича, белхех дакъалацар а.

ТАХАНА ХЬАЛХА ХIОТТИЙНАЧУ IАЛАШОНЦА ТIЕХДИКА ЛАРИЙ БЕЛХИН ДАКЪАЛАЦАРХОЙ. ДЕЛА РЕЗА ХУЬЛИЙЛА КХУЗАХЬ ДАКЪАЛОЦУШ МЕЛ ХИЛЛАЧАРНА. АЛЛАХIА ДИКАНЦА БЕКХАМ БОЙЛА ШУНА.

*С. АТАБАЕВ*
*Авторан суьрташ*

## СТУДЕНТЫ ТЕОЛОГИЧЕСКОГО ФАКУЛЬТЕТА РОССИЙСКОГО ИСЛАМСКОГО УНИВЕРСИТЕТА ИМЕНИ КУНТА-ХАДЖИ КИШИЕВА СТАЛИ ПОБЕДИТЕЛЯМИ ВСЕРОССИЙСКОГО КОНКУРСА «МАСТЕРСТВО ТЕОЛОГА»



Студенты теологического факультета Российского исламского университета имени Кунта-Хаджи Кишиева стали победителями Всероссийского конкурса «Мастерство теолога: взгляд в будущее», который проходил в Махачкале на базе Дагестанского гуманитарного института. В мероприятии приняли участие представители исламских образовательных организаций из различных регионов России. Всего было представлено 10 команд. Конкурс проводился как для преподавателей, так и для студентов. По итогам конкурса первое место заняли студенты Российского исламского университета имени Кунта-Хаджи Кишиева: Ахмед Дурдишев, Мовсар Тимбулатов, Аюб Сайдаев и Сайфулла Джамалдинов. Им была вручена путевка на Умру от Духовного управления мусульман Республики Дагестан.

*Источник: ТРК «ПУТЬ»*

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

### 2-гIа агIо

**АХМАРОВ ИСЛАМ**

«АДАМИЙНА ДАХАРЕХЬ КОЬРТА ДАКЪА ДІАЛОЦУШ ЙЕРГ МОГШАЛЛА ЙУ. ХІУНДА АЬЛЧА МОГАШАЛЛА ЦАХИЛЧА ДУЬНЕНЕ ХЬЕЖАР АДАМИЙН ЧІОГІА ГІИЙЛА ХУЬЛУ. ВАЙН ДАЙША ЛАА ОЛУШ МА ЦАХИЛЛА: «МОГАШАЛЛИН МАХ БАЦ». МОГАШАЛЛА ЦХЬАНА А БАХАМАХ ЭЦАЛУР ЙАЦ, ЦУНДЕЛА ЙОЛЧУ ХЕНАХЬ МОГАШАЛЛА ЛАРЙАН ЙЕЗА. МОГАШАЛЛЕ КХОЧШ ЦХЬА А ХІУМА ДАЦ.

Делан къинхетам бу, адамийн могашалла ларйан говзалла кара а йерзийна, цу новкъахь къахьоьгуш дуккха а говзанчаш бу вай махакахь. Делан къинхетам бу и говза лоьраш болуш. Далла гергахь доккха хIума ду и, дуьненахь а, эхартахь а шайна чIогIа йоккха йал хир йолуш болх бу и. Царах цхьаъ ву адамийн хьашташ кхочушдан йукъ йихкина волу Ахмаров Ислам. Ислам, керарчу хенахь Ножай-Йуьртан кIоштан районный болницехь коьртачу лоьран даржехь болх беш ву. КIадвалар а, гIелвалар хIун ду ца хууш, ша арабаьккхинчу новкъахь хаддаза къахьоьгуш схьвогIу Ислам...»

### 3-гIа агIо

**БАБИН ХЬЕХАРШ**

«БIаьстенан аьхначу махо дог-ойла хьостуш, Делан деза Къуръан доьшуш, хиъна Iаш йара Баба. «Бакъарат» сурат дешна йаьлча, доIа а дина, паргIатйелира иза. Кертахь, чохь дезарш деш хьийзара цуьнан кIентан йоI Жансари. ХIинцца пхийтара йаьлла, кхиъна йогIуш йара иза. Денанас ворхI шо а кхачале ламаз дан Iамийнера цунна. ХIетахь дуьйна, цхьа ламаз ца дуьтуш, фарз марханаш кхобуш йара йоI. Итт шо кхаьчча Бабас Къуръан Iамо долийра цунна. Цхьа де ца долура денанас, цуьнга цхаъ дешийтина а, Къуръанна тIера сурат ца доьшуйтуш. ЙоIан йижар-гIаттар а, дукха хьолахь, цуьнца хуьлуш дара. Вовшашна чIогIа йезаш а йара и шиъ.

Цкъа, кхеран гергара хуьлуш а волчу, луларчу Iуспас йоккхачу стаге элира:

– Ва Кхокха, керт йуьззина долу божабераш хIунда ца Iамадо ахь и йоI санна лерина?

– КIант, хьуна ма-хаьара, йоI экаме хIума йу. Цу тIе хIара хIокху кертахь цхьаъ бен а йац. Тахана ас хьехнарг, ас Iамийнарг кхана хIоккунна карор дацара-те бохуш ма йоллу со. Ахь дуьйцучу божаберашна дала дезарг царна церан дас-нанас лур ду. Ас царна а ма Iамадо ламаз-марха а, элпаш а. ХIара йоьIан пекъар сайниг ма йу...

Цул тIаьхьа йа Iуспас а, йа кхечо а Жансарин къасттана терго йеш хиларх лоций Бабе хIумма а ца олура. Массарна а хаьара денанна йоI хьоме йуйла, дахарехь эша тарлуш долчу массо а хIуманна цо йоI кечйеш, Iамош йуйла, кхиъна йаьлча Жансарех дена-нанна дика йоI а, вежаршна дика йиша а, нехан цIен тIе йахча, дика нус а хир йуйла. ХIинцале хаалуш дара иза цуьнан амалехь, леларехь...»

### 4-гIа агIо

**ИСАЕВА МАРЬЯМИ**

«ХЬЕХАРХО, ГОЧДАРХО, ЙАЗДАРХО ИСАЕВА МАРЬЯМ ХХ-ЧУ БІЕШАРАХЬ НОХЧИЙН ИСБАЬХЬАЛЛИН ЛИТЕРАТУРЕХЬ, КУЛЬТУРЕХЬ КХИАМЦА БОЛХ БИНАЧАРАХ ЙУ. ДІАДАХАНЧУ БІЕШЕРАН ХЬАЛХАРЧУ ЭХЕХЬ ЦО ДОККХА ГІУЛЛАКХ ДИНА КЪОМАНА ЙУКЪАХЬ ЙОЗА-ДЕШАР ДАРЖОРЕХЬ, ИСБАЬХЬАЛЛИН КУЛЬТУРА КХИОРЕХЬ.

ХХ-чу бIешеран 60-чу шерашкахь арайевлла Исаева Марьяман «Ирсан орам», «Ирс кхоллархой» романаш хIетахьлерчу вайнехан литературехь дикачарах йара. Нохчийн литературехь прозин жанр кхиорехь мехала хилла уьш.

Исаева Марьям йина 1898-чу шеран гIуран беттан 20-чу дийнахь Одессехь халкъан хьехархочун Хакишев Солтин доьзалехь. Iалхан-ЮЬртара вара Хакишев Солта. КIорггера дешна а волуш, шуьйра кхетам болуш вара Хакишев Солта, ма-дарра альча, халкъан серлонча вара. «Хакишев Солтас шен хенахь шуьйра йаржош хилла вайн халкъана йукъахь прогрессивни дог-ойла», – йаздора нохчийн гоьваьлла йаздархо, литературин критик волчу Сулаев Мохьмада. ХХ-гIа бIешо долалучу муьрехь Хакишев Солтас Лаха-Неврехь ишкол схьайиллина, цу хенахь керла йолу дешаран кепаш йукъа а йалош. Цул тIаьхьарчу хенахь дешаран учрежденешкахь, пачхьалкхан органашкахь тайп-тайпана белхаш бина цо, амма цкъа а хьехархочун дарж ца дитина. Хакишев Солтин дахар, цо къоман дешар кхиорехь кхочушдинарг, Нохчийчоьнан йукъараллин дахарехь дакъалацар, шайн хьокъехь кхоччуш талламаш а бина, тIекхуьучу тIаьхьенна довзийта дезаш дара. Шен хааршца, хуьнаршца, къинхьегамна тIера хиларца шех масал эца хьакъ долуш стаг хилла Хакишев Солта...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# АХМАРОВ ИСЛАМ

АДАМИЙНА ДАХАРЕХЬ КОЬРТА ДАКЪА ДIАЛОЦУШ ЙЕРГ МОГШАЛЛА ЙУ. ХIУНДА АЬЛЧА МОГАШАЛЛА ЦАХИЛЧА ДУЬНЕНЕ ХЬЕЖАР АДАМИЙН ЧIОГIА ГIИЙЛА ХУЬЛУ. ВАЙН ДАЙША ЛАА ОЛУШ МА ЦАХИЛЛА: «МОГАШАЛЛИН МАХ БАЦ». МОГАШАЛЛА ЦХЬАНА А БАХАМАХ ЭЦАЛУР ЙАЦ, ЦУНДЕЛА ЙОЛЧУ ХЕНАХЬ МОГАШАЛЛА ЛАРЙАН ЙЕЗА. МОГАШАЛЛЕ КХОЧШ ЦХЬА А ХIУМА ДАЦ.



Делан къинхетам бу, адамийн могашалла ларйан говзалла кара а йерзийна, цу новкъахь къахьоьгуш дуккха а говзанчаш бу вай махакахь. Делан къинхетам бу и говза лоьраш болуш. Далла гергахь доккха хIума ду и, дуьненахь а, эхартахь а шайна чIогIа йоккха йал хир йолуш болх бу и. Царах цхьаъ ву адамийн хьашташ кхочушдан йукъ йихкина волу Ахмаров Ислам. Ислам, керарчу хенахь Ножай-Йуьртан кIоштан районный болницехь коьртачу лоьран даржехь болх беш ву. КIадвалар а, гIелвалар хIун ду ца хууш, ша арабаькхинчу новкъахь хаддаза къахьоьгуш схьвогIу Ислам. ХIунда аьлча, и хууш ву ша бина харжам дахаран некъ чекхбаллалц дIакхехьа безаш буй. И дерриге а хаа хууш, оцу балхах кхеташ ву Ахмаров Ислам. Ахмаров Ислам дуьенчу ваьлла I98I-чу шеран мангалан беттан I2-чу дийнахь, Шелан кIоштана йукъайогIучу Гермчигахь бехачу нохчийн доьзалехь. Делан къинхетамца, Ахмаров Ислам могIарера лор хилла Iаш вац. Иза уггаре а хьалха шен къоман а, мехкан а тешаме воI ву. Ша схьавьллачу халкъан лазамашца, кхиамашца вехаш ву лор. Ша Гермчигара йуккъера ишкол чекх а йаьккхина, 200I-чу шарахь Соьлжа-ГIаларчу медицинин коьртачу колледже деша воьдуш. 2004-чу шарахь, дешар чекхдаьккхина валарца Соьлжа-ГIалахь ССМП (скорая помощ) бархI шарахь фельдшеран декъахь болх бо Ислама, цул тIаьхьа 2006-чу шарахь НРП-н Университете медицинин факультете деша воьду, 20I2-чу шарахь кхиамца чекх а йаьккхина, Соьлжа-ГIаларчу номер 9 йолчу больницехь, хирурган болх караберзош, интернатура чекх а йоккхий, Соьлжа-ГIалин номер 4 йолчу клиникин больницехь «приемни отделенин» заведующин балха хIутту. 20I5-чу шарахь дуьйна Пачхьалкхан Бюджетни Учреждени номер 5 йолчу поликлиникехь лоьраллин (врачебная) комиссин коьртачу лоьран заместителан болх бина. 20I8-чу шарахь дуьйна 2025-чу шаре кхачалц Пачхьалкхан Бюджетни Учреждени номер 5 йолчу больницехь коьртачу лоьран даржехь болх бина. 2025-чу шеран товбецан баттахь дуьйна Ножай-Йуьртан кIоштан болницехь коьртачу лоьран даржехь болх беш ву Ислам. Билгалдаккха деза, муьлххачу даржехь хилча а, Ислам шен балхаца дика ларош хилар. Цунна тоьшалла ду Ислам коллективехь ларам болуш хилар а, 20I8-чу шарахь Нохчийн Республикан могашалла Iалашйаран министра «Отличник здравоохранения» цIе йолчу знакаца совгIат дина хилар а, ткъа 2023-чу шарахь Российн Федерацин могашаллаIалашйаран министра «Отличник здравоохранения» цIе йолчу знакаца совгIат дина Исламана.

20I8-202I-чу шарашкахь Российн Федерацин могашалла Iалашйаран министра баркаллин кехаташ дахкийтина Ислама цIарах.

2022 шарахь, Нохчийн Республикин Мехк-Ден сийлалин грамота йелира Исламана.

Вай вешин Исламан бусулба динца йолу агIо йевзира суна, та а тайра. Ислам а, цуьнан дай а, вежарий а, гергранаш а эвлайааш къобалбеш Эвтарарчу шайхийн Iовдий а, Iелин а вирдехь болуш, къадарин тIарикъатан некъах пайдаоьцуш, муридаш хиллера. Царах цхьаберш суна бевзаш бу, зуькаре хIуьттуш бу. Дала оцу Дела реза волчу некъа тIехь чIагIбалар лойла царна. Исламан де-да Ахьъяд Iовдица а, Iелица а гергарло долуш хилла. Ахьъяд а, цуьнан жимах волу ваша Абулхьаса а Iовдица, Iелици тоба дина хилла. Дала аьтто бойла хьан, кхиамашкахь соввокхийла хьо, Ислам.

# ВСЁ О ВЕНАХ: ПОЧЕМУ ВАЖНО ЗАБОТИТЬСЯ О ЗДОРОВЬЕ СОСУДОВ

### ЗДОРОВЬЕ ВЕН – ВАЖНАЯ ЧАСТЬ ОБЩЕГО БЛАГОПОЛУЧИЯ.

Заболевания вен встречаются часто и могут вызывать дискомфорт, боль и серьёзные осложнения. Когда венозная система даёт сбой, появляются знакомые многим симптомы: тяжесть и отёки к вечеру, «сосудистые звёздочки», выпирающие узлы, ночные судороги. Иногда всё ограничивается неприятными ощущениями и косметическими изменениями, а иногда дело доходит до тромбов и угрозы жизни.

Вены – это сосуды, по которым кровь возвращается к сердцу. В ногах ей нужно подняться снизу вверх, преодолеть силу тяжести. Для этого в венах есть клапаны – небольшие «створки», которые пропускают кровь вверх и не дают ей стекать обратно. Помогают и мышцы голени: при ходьбе икры сжимаются и работают как «насос». Если клапаны закрываются хуже или стенка вены растягивается, кровь застаивается. Так формируется венозная недостаточность – основа многих заболеваний вен.

### ФАКТОРЫ РИСКА РАЗВИТИЯ ЗАБОЛЕВАНИЙ ВЕН

Самая сложная задача у вен нижних конечностей: поднять кровь вверх вопреки гравитации. В оттоке участвуют поверхностные, глубокие и перфорантные (соединительные) вены, их согласованная работа обеспечивает нормальный венозный возврат. Когда на эту систему воздействуют неблагоприятные факторы, возникают нарушения. Кровь, вместо того чтобы подниматься к сердцу, застаивается в венах. Сосуды расширяются, теряют тонус и работают хуже. Запущенная варикозная болезнь чревата тромбами, которые могут быть смертельно опасными, и трофическими язвами, это болезненные дефекты кожи, которые трудно заживают.

### ПРИЧИНЫ

Обычно срабатывает сочетание причин. Большую роль играет наследственность: если у близких родственников был варикоз, риск выше. С возрастом стенка сосудов и клапаны изнашиваются. Влияют гормональные факторы: беременность, приём некоторых гормональных препаратов, изменения гормонального фона. Во время беременности увеличиваются объём крови и нагрузка на венозную систему, растёт давление в венах таза, поэтому ноги «напоминают о себе» сильнее.

Классический враг вен – малоподвижность. При длительном сидении или стоянии «мышечный насос» голени работает хуже, кровь застаивается, повышается давление на стенку сосуда. Избыточный вес увеличивает нагрузку на ноги и ухудшает венозный возврат. Опасны периоды длительной неподвижности: перелёты, долгие поездки, восстановление после операций и травм.

### СИМПТОМЫ

Симптомы заболеваний вен разнообразны и зависят от конкретного состояния. Наиболее частые признаки:

– усталость и тяжесть в ногах;



– отёки стоп и голеней;
– ночные судороги;
– появление сосудистых звёздочек и сеточек;
– изменение цвета кожи вокруг поражённых участков;
– боли и дискомфорт в ногах;
– плохо заживающие язвы и раны.

Некоторые заболевания протекают бессимптомно или проявляются слабо, поэтому регулярные осмотры и консультация врача необходимы для своевременного выявления проблем.

### КАКИЕ БОЛЕЗНИ ВЕН ВСТРЕЧАЮТСЯ ЧАЩЕ ВСЕГО?

Варикозная болезнь. Варикоз – расширение и деформация поверхностных вен (чаще на ногах): сосуды становятся извитыми, выпирающими, появляются узлы. Это не только косметическая проблема: без лечения она прогрессирует и может приводить к осложнениям. Главные признаки – выступающие над кожей увеличенные вены, чувство тяжести, распирание и усталость в ногах, отёки к вечеру, ночные судороги икр. Симптомы обычно усиливаются после длительного сидения или стояния (статической нагрузки) и уменьшаются при отдыхе с приподнятыми ногами.

Венозная недостаточность. Так называют состояние, при котором нарушается отток венозной крови от нижних конечностей – из-за проблем в поверхностной системе (варикоз) или в глубокой (после тромбоза). Симптомы при варикозе в этом случае нарастают: тяжесть и распирание в ногах, отёки к вечеру, зуд, потемнение кожи голеней, уплотнение тканей. В финале возможны трофические нарушения: кожа уплотняется и темнеет, появляются язвы, что серьёзно снижает качество жизни и может приводить к инвалидизации. Хроническая венозная недостаточность развивается постепенно и без лечения прогрессирует.

Флебит и тромбофлебит. Флебит – воспаление венозной стенки (острое или хроническое). Он может возникнуть после инфекций или как результат воспаления в венах.



Характерны болезненность и напряжение по ходу вены, покраснение, уплотнение кожи и локальное повышение температуры. Тромбофлебит – это флебит с образованием тромба в просвете воспалённой вены, нередко как осложнение варикоза. Типичные признаки: боль при пальпации, плотный болезненный «шнур» по ходу вены, покраснение, отёк, расширенные поверхностные вены. Тромбофлебит требует срочной диагностики и лечения.

Тромбоз глубоких вен. При тромбозе глубоких вен тромбы формируются в крупных венах нижних конечностей. Это опасно: оторвавшийся тромб может вызвать тромбоэмболию лёгочной артерии – угрожающее жизни состояние. Основные симптомы: резкая боль, нарастающий отёк ноги, чувство распирания, изменение цвета кожи, местное повышение температуры. Заболевание может возникать и без видимого варикоза – например, после операций, травм или длительной неподвижности.

### ДИАГНОСТИКА И ЛЕЧЕНИЕ

Лечением болезней вен занимается врач-флеболог. Народные рецепты и мази «по случаю» – не решение проблемы. Врач ставит диагноз на основе опроса, осмотра и инструментальных методов (в первую очередь УЗИ вен) и подбирает индивидуальный план лечения. Выбор метода лечения зависит от типа и стадии заболевания, индивидуальных особенностей и сопутствующей патологии.

Профилактика: простые привычки, которые берегут вены. Для предотвращения появления и прогрессирования заболеваний вен полезны:

– регулярные физические нагрузки;
– поддержание нормального веса;
– удобная обувь и одежда;
– ограничение длительного сидения или стояния;
– компрессионный трикотаж при длительных перелётах и поездках;
– сбалансированное питание;
– профилактические осмотры у врача.

Профилактика не требует сложных правил, но важна регулярность, венам вредно длительное «застывание». Чем чаще вы двигаетесь в течение дня, тем лучше венозный отток. При сидячей работе полезно раз в час вставать, пройтись, сделать несколько подъёмов на носки и вращений стопами. При «стоячей» работе меняйте положение, делайте перекаты, находите минуты, чтобы присесть. Дома помогают короткие паузы с приподнятыми ногами. В поездках и перелётах пейте воду, разминайте ноги и при наличии факторов риска заранее обсудите с врачом компрессионный трикотаж.

Вены – не «второстепенная деталь», а важная часть кровообращения. Болезни вен часто начинаются с мелочей – тяжести и отёков, – но со временем могут привести к серьёзным последствиям, включая тромбозы. Если ноги регулярно «напоминают о себе», лучше не гадать, а проверить вены и получить понятный план действий.

***Наида Алиева***

НАШИ ГЕРОИ

# БУЛАТОВ АСЛАН (1976 – 2009)



Старший лейтенант милиции Булатов Аслан Олхазурович родился 14 апреля 1976 года в селении Аллерой Ножай-Юртовского района.

Школу Аслан окончил с отличием.

Поступил в Чеченский государственный университет на финансово-экономический факультет. Но на третьем курсе учебу в вузе пришлось прервать из-за начавшихся военных действий на территории республики.

В 2000 году Аслан поступает на службу в МВД СБ, а с момента создания Полка ППСП имени Ахмата-Хаджи Кадырова переводится туда.

13 июня 2009 года Булатов Аслан погиб в ходе проведения поисковых мероприятий в горно-лесистой местности в бою против участников НВФ близ населенных пунктов Ахкинчу-Барзой и Гансолчу Курчалойского района.

Указом Президента Российской Федерации награжден орденом Мужества (посмертно).

Дала гIазот къобалдойла цуьнан!

# МОЖНО ЛИ МУСУЛЬМАНАМ ЕСТЬ ЛАПШУ БЫСТРОГО ПРИГОТОВЛЕНИЯ?

Суп, который готовится за пару минут, нужно только залить все ингредиенты кипятком – очень быстро и удобно, особенно когда нет времени и условий для приготовления пищи. Но самое главное: полезно и халяльно ли это?

В Коране сказано: «вам запрещены мертвечина, кровь, мясо свиньи и то, над чем не было произнесено имя Аллаха (или что было зарезано не радиАллаха), или было задушено, или забито до смерти, или подохло при падении, или заколото рогами или задрано хищником, если только вы не успеете зарезать его, и то, что зарезано на каменных жертвенниках (или для идолов), а также гадание по стрелам. Все это есть нечестие» (Маида, 3).

Чтобы определить халяльность того или иного продукта питания, нужно разбирать его состав. Как правило, в упаковке такой лапши быстрого приготовления содержится сама лапша и пакетик с приправой и порошком мясного бульона. Яичная лапша сама по себе не является запретной, а вот мясной порошок изготавливается из мяса, забитого не по мусульманским канонам, следовательно, он является запретным.

Стоит отметить, что существуют разные вариации вкусов такой лапши: с мясом, с грибами, с курицей, креветками и т.д. Супы с грибами являются халяльными по своей сути.

Производители лапши быстрого приготовления также изготавливают лапшу со знаком халяль, в состав которых входят мясные и куриные добавки, произведенные по правилам шариата.

Не стоит забывать, что подобная еда совершенно не полезна для нашего организма, так как в ее составе очень много химии: консерванты, красители, усилители вкуса.

Врачи отмечают, что употребление такого продукта на постоянной основе вредит работе ЖКТ и становится причиной обострения ее болезней. Поэтому, самое лучшее – не злоупотреблять такого рода едой, в каких-то экстренных случаях можно употреблять либо лапшу с грибными добавками или лапшу со знаком халяль.

***Автор: Islam Today***



В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# БАБИН ХЬЕХАРШ

БІаьстенан аьхначу махо дог-ойла хьостуш, Делан деза Къуръан доьшуш, хиъна Іаш йара Баба. «Бакъарат» сурат дешна йаьлча, доІа а дина, паргІатйелира иза. Кертахь, чохь дезарш деш хьийзара цуьнан кІентан йоІ Жансари. ХІинцца пхийтара йаьлла, кхиъна йогІуш йара иза. Денанас ворхІ шо а кхачале ламаз дан Іамийнера цунна. ХІетахь дуьйна, цхьа ламаз ца дуьтуш, фарз марханаш кхобуш йара йоІ. Итт шо кхаьчча Бабас Къуръан Іамо долийра цунна. Цхьа де ца долура денанас, цуьнга цхаъ дешийтина а, Къуръанна тІера сурат ца доьшуйтуш. ЙоІан йижар-гІаттар а, дукха хьолахь, цуьнца хуьлуш дара. Вовшашна чІогІа йезаш а йара и шиъ.

Цкъа, кхеран гергара хуьлуш а волчу, луларчу Іуспас йоккхачу стаге элира:

– Ва Кхокха, керт йуьззина долу божабераш хІунда ца Іамадо ахь и йоІ санна лерина?

– КІант, хьуна ма-хаъара, йоІ экаме хІума йу. Цу тІе хІара хІокху кертахь цхьаъ бен а йац. Тахана ас хьехнарг, ас Іамийнарг кхана хІокхунна карор дацара-те бохуш ма йоллу со. Ахь дуьйцучу божаберашна дала дезарг царна церан дас-нанас лур ду. Ас царна а ма Іамадо ламазмарха а, элпаш а. ХІара йоьІан пекъар сайниг ма йу...

Цул тІаьхьа йа Іуспас а, йа кхечо а Жансарин къасттана терго йеш хиларх лоций Бабе хІумма а ца олура. Массарна а хаъара дененна йоІ хьоме йуйла, дахарехь эша тарлуш долчу массо а хІуманна цо йоІ кечйеш, Іамош йуйла, кхиъна йаьлча Жансарех дена-нанна дика йоІ а, вежаршна дика йиша а, нехан цІен тІе йахча, дика нус а хир йуйла. ХІинцале хаалуш дара иза цуьнан амалехь, леларехь.

ТІаьхьарчу хенахь хьикматечу йоккхачу стага дукха лерина ларлуш, хІора дош кхетаман терзанахь узуш, дуьйцура мехкаршна, зударшна, наношна тІехь долчу декхарех лаьцна. Дуьйцура дика нус, дика нана, дика хІусамнана муха хила йеза. Нохчийн дикачу зударийн дахарера, жайнаш тІера масалш даладора, Къуръанан айаташца, Мухьаммад Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисашца течІагІдора ша дуьйцуш дерг.

Вайна ма-хаъара, бусалба дино доккхачу маьІне лоруш ду доьзал кхоллар, хІусамнана шен хІусамдена муьтІахь, ийманехь, оьзда, собаре, гІиллаке хилар. Къонахчунна дуьненахь а, эхартахь а декъалалла йу дика зуда нисйалар. Зудчунна а йу декъалалла хІусамдена муьтІахь хилар, цуьнан хакъ кхочушдар.

– Ийманехь йолу зуда шен хІусамдена муьтІахь а, тешаме а, цуьнан сий-ларам беш а хуьлу хьуна. ХІусамден сийдар, зудчунна шен, шен доьзалан сий лардар ду хьуна. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) а ма аьлла: «Нагахь санна зудчо ламазаш а дахь, фарз-марханаш а кхабахь, оьзда доцчух лар а лахь, шен хІусамдена муьтІахь а хилахь, цунна, шеко йоццуш, Къематан халачу дийнахь хезар ду-кх: «Хьайна луъучу неІарех йалсамани чу гІохьа». Оццул деза ду-кх хІусамдена муьтІахь хилар. Ламаз дар а, марха кхабар а дІадаьлча, цуьнга кхочуш деза хІума дан а дац-кха зудчунна», – олура Бабас.

Дерриге а цхьана дийнахь дийца ца гІертара иза. Жим-жима дуьйцура, йуккъе кІеззиг хан йулуьйтуш. КІорда ца дойтуш. Цуьнан хьехарш йоІа, гІамаро хи санна, дІа а худура. Жансарина санна, нохчийн муьлххачу а йоІана дахарехь чІогІа оьшур ду уьш. Царах аш беркат, ирс оцийла лаарна довзуйту оха шуна а Бабин цхьадолу хьехарш.

– Ненан декхар ду доьзал ийманехь, гІиллакхе, эхь-бехк долуш кхиор, къинхьегамна марзбар, рицкъанан хама бан Іамор, берашка доьзалан ден сий-ларам байтар. Маггане а мегар дац цІийнден кхачамбацарех, ледарлонех (уьш йоцуш цхьа а хир вац) лаьцна дийца, цуьнан къайленаш гучуйаха.

Дикачу зудчо хьесапе оьцу шен цІийнден таронаш, аттонаш. цуьнга ца доьху цуьнан ницкъ кхочуш доцург. Цунна тІехбеттамаш ца бо. Масална ца балабо шен йижарийн, лулахойн хІусамдай, «ХьенехагІеран ши гІат долуш цІа а ду, тоьлларг машен а йу, хьайн цІийне хьажахьа, цІа аьлча а, лаппагІа. Со гІаш лелаш ца го хьуна...» – бохуш. Мелхо а, шен хІусамдеца собаре, эсала, йекхайелла, кІеда-мерза хила хьажа йеза зуда. Шен ницкъ ма-кхоччу, иза ира-карахІотто гІерташ, цуьнан дог-ойла айба гІерташ хила йеза.

Иштта, зудчунна тІехь ду шен марзахойн ларам бар. «Хьайна жаІу везахь, цуьнан жІаьла а дезалахь», – баьхна вайн хьекъалечу дайша. Доккха хьикмат доллу оцу кицанехь. Хьайн цІийнда везахь, цуьнан да-нана, йишаваша дезийла хьуна, боху цо. Шен ден-ненан, йиша-вешин дика амал мардегахь-ненехь, марвешехь-йишехь лоьхуш, церан сакхташ лехьош, дуьйцуш лелча, зудчун меттиг йуху, иза иштта лелар чІогІа къилахь а ду.

ХІинца ас дуьйцучуьна ладугІуш Іачу хьуна дагадан тарло: бусалба йолчу нохчийн зудчунна тІехь деккъа цхьа декхарш бен дан а дац, цуьнан цхьа а бакъо йан а йац, цунна декхарехь цхьа а вац, аьлла. Иза данне а иштта дац. ХІусамдайшна тІехь ду шайн хІусамнаной кхоор, царах къахетар, царна оьшург латтор, церан сий-ларам бар. Зударийн бакъо йу чохь, ков-кертахь шена луъург дан (хІусамдех дага а йолуш), шена безза кхача кечбан, шена йезаш йерг тІейуха, токхе йаха, садаІа, и.д.кх.

Дукха зударий бу Далла Іамал-Ібадат дан шайн хан ца хуьлу, дукха хан чохь, ков-кертахь дан дезачунна, бераш кхиорна, кхечу гІуллакхашна дІайолу бохуш леткъамаш беш. Бакъду иза. Дукха ду вай дан дезаш дерш. Вайна цхьа хІума хаа деза: АллахІана Іамал йар санна деза а, мелехь а ду бусалба зудчунна ков-кертахь деш долу гІуллакхаш. Цунна тоьшалла до хІокху хьадисо. Цкъа Асмаъ бинт Язид ан-Ансарийа (Дела реза хуьлда цунна) Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу йеана хилла. Цо цунга аьлла: «ХІай Делан Элча, хьо суна сайн делненал хьоме ву. Со бусалба зударша хьуна тІейаийтина. Цара шайн цІарах хьоьга ала боху. Баккъал а, хьо Делан Элча ву, божаршна санна зударшна а ваийтина. Дукхах йолу хан тхайн хІусамийн беа пена йуккъехь йоккху оха. Тхайн декхарш кхочушдеш дІайолу тхан йерриге а хан. ХІусамдайн хьашташ а кхочушдо оха. Царна бераш а до. Уьш кхиа а до. Церан цІеношІалашдо. Цуьнга хьаьжна доцуш, божарий тхол гІолехь бу. Тхан дан аьтто боцу Ібадат дарна АллахІера йал а хуьлу царна. Шайн хІора дийнан фарз а, рузбанан а ламазаш маьждигехь до цара. Уьш цомгашчунна техІитта а боьлху, хІора шарахь бохург санна ХьаьжцІа а боьлху. Уьш хьаьждан йа гІазот даккха бахча, тхо Іан дезаш хуьлу, церан бахам, хІусамаш ларйеш, церан бераш Іалашдеш. Царна хинйолчу йолах дакъа тхуна а кхочур дац-те?

Мухьаммад Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шена гуонаха хевшина Іачу асхьабашка хьаттина: «Кхул хьалха цхьана а зудчо цкъа а кхул дика хаттар деш хезний шуна?» Цара жоп делира: «ХІай Делан Элча, тхуна цкъа а ца моьттинера зудчо иштта хаттар дийр ду», – аьлла. ТІаккха Мухьаммад Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Асмаэ элира: «Леррина ладогІалахь соьга, йуха, дІа а гІой, иза дІадийцалахь хьуо кхуза йаийтинчу зударшка. Нагахь санна зуда шен хІусамдена муьтІахь хилахь, иза резахинволчу кепара цо цІера гІуллакхаш а дахь, цунна йал хир йу АллахІана хьалха долу шен дерриге а декхарш кхочушдеш волчу цІийндена хуьлуш йолчуьнга нийсса..».

Иза хезначул тІаьхьа, Асмаъ йоккхайуьйш, самукъадаьлла: «Ла илахІа ИллаллахІу», «АллахІу Акбар», – бохуш дІайахара. Шега Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дийцинарг мадарра дІадийцира цо ша цунна тІехьажийначу зударшка. Уьш а чІогІа самукъадаьлла хьаьвзира.

....Барт боцчу доьзалехь беркат, ирс хила йиш йац. Цунах дерг дукха хезнехь а, цхьаболу зударий бу доьзалехь барт муха хилийта беза ца хууш, барт хилийта шаьш хІундан деза ца хууш. И ца хиъча, зудчун а, цІийнден а кест-кеста дош дашера далар а, къийсамаш а, гІовгІанаш а хуьлу, лулахой кхардор, бераш талхор хуьлу. Цкъа цхьана йоІа шен нене арз дина: «Сайчух йахар хир дац. Чохь волчо неІалт а эли суна, нажжаз а эли суна..» Нанас хаьттина: «Ахь хІумма а ца диннашехь, хІумма а ца аьллашехь эли цо хьуна?» «Ца элира дера. Ас цуьнга ца хоттуш...» – аьлла йоІ дІайолалушшехь нанас сацийна: «Бехк хьан бу. Ахь алийтина. Дан ца дезарг а дина», – кхетийна нанас йоІ. Ша дан дезарг а, цадезарг а зудчунна хууш ца хилча, доьзалехь барт хила йиш йац. Цундела, цу тайппанчу гІалатех хьо ларйеш, йоІ, веанехь, хьайн йоккхайер гайта. «Дала беркат дойла вайна кхунах, – ала, кхин дац хІара ма кІеззиг ду», – ца бохуш.

Нагахь санна цхьа хІума къовсаме даьллехь, хьайчунна тІе гІерташ (ТІера ца йолуш), дов ма даккха. Мелхо а, иза къинтІера ваккха, хьайн бехк бацахь а. Хьайн дош бен кхача а ма кечбе, «Бисмилла» алий бен доьзална хьалха а ма-билла.

ХІара къамел дерзош, йоІ, хьуна кхин цхьа хьадис а довзийта лаьа суна. Тирмизис далийначу оцу хьадисехь боху: «Нагахь санна АллахІ воцчунна кхечунна сужуд де аьлла айса омра деш хилча, ас зудчунна



хьуна масех хьехар дийр ду ас. Дукха хенахь дуьйна вайн наноша лардеш схьадеана гІиллакхаш ду хьуна уьш. И гІиллакхаш лардина доьзал цкъа а боьхна бац хьуна. Варийлахь, дагахь латтаделахь.

ЦІийнда цІа (вогІуш) веача, цунна йелалой, йекхалой дуьхьал йала, хьуо къадйелла йелахь а. Иза цІа вале чоьнаш цІанйе, кхача кечбе, берашна (боьха йелахь) цІена бедарш тІейуха. ЦІийндега хьал-де хатта. КІадвелла, дог-ойла йоьхна велахь, догэца, цуьнан самукъадаьн долу хІума дийца, цуьнан дог духу долу хІума ца дуьйцуш. Цо диначунна реза хила. Ахча дохьуш толо, тІедаккха, хьайн лаам толо ма гІерта. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьехна-кх вайна: «Шен цІийнда резавина зуда Йалсамани гІур йу», – бохуш. Шен хІусамдена муьтІахь хилар, цо бохург дар зудчунна тІехь ду. ХІунда аьлча, цІийнда доьзалан корта бу. Иза хаадалийта цунна. Хаадалийта шена тІехь долу декхар, жоьпалла хаадалийта, хазачу, маслаІатечу маттаца. ДоІанашкахь АллахІ-Деле деха хьайн доьзал, хІусамда ийманехь, беркате, гІиллакхе, оьзда хилийтар, зен-зуламах, хьагІ-гамонах хьайн доьзал ларбар. Карахь ламаз долуш омра дийр дара шен цІийндена сужуд де аьлла». Зудчунна оццул бехке, веза лерина ву цІийнда. Цо бохург дича доьзалехь барт хир бу, барт хилахь беркат, ирс, аьтто хир бу...

Жансари, хІинца паргІат хила хьо. Тахана дукха-м дийци ас, – аьлла, шена аьтту агІор стоьла тІехь Іуьллуш долу Къуръан схьаьцна, бІаьргех куьзганаш доьххина, Делан Калам деша йоалуш йолу шен Баба, къевллина мара а йоьллина, цуьнан коьртах барт йаьккхина, йелааьшна а хилла, дІайахара Жансари... Ийман а, беркат а, ирс хьерчара оцу кертах, цІийнах.

***Дадаев Сайд-Хьасан***

## НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАДА ДУЬЙЦУ

**Ас айса къа а хьегна, эцна дакъа ду. Сайн йоІаца Іаш йу со. Ткъа вуьшта сайн верасаш а бу сан. Со хІинцале а саготта йу, со йеллачул тІаьхьа и дакъа бухабуьссучара къуьйсур дуйте аьлла. Нагахь санна, со дийна а йолуш, хІокхунна йа оцунна дуьту ас сайн дакъа, аьлла а долуш, и дакъа къийса бакъо йуй церан со дІайаьллачул тІаьхьа? Ткъа и дакъа дех дисина хилча а, царна йуккъехь цхьа а башхалла йуй?**

Шен дех дисина декъа тІехь Іаш хуьлийла и зуда, тахана оцу зудчун верасаша барт бинехь, хьайл тІаьхьа, хьайна луъучунна дала а, дохка а, хьайн бакъонехь йити оха хьо, тхайна кхочушдолчу оцу декъанна аьлла, нахана а хууш, цара и дош аьлча, тІаккха шен луъург дан бакъо хуьлу оцу зудчун. Ткъа цара и аьлла а доцуш, хьо йаллалц кху декъа тІехь йаха хьайна, аьлла, йитина йолчу цо и кхечунна дола даккхахь, цо весет йаздича а, весет дІагІур дац цуьнан, тешаш а болуш, цо и дІало аьллехь а, и дІадалар хир дац, хІунда аьлча, шен долахь дерг дац цо луш дерг.

Ткъа, масала, оцу зудчо ша эца а эцна, ша ден а дина долу дакъа, ша дийна йолуш, гарманан арахь Іаш волчу гІазкхичунна а дала бакъо йу цунна.

Ткъех шарахь сов, сайн цІийндеца цхьатерра къа а хьоьгуш, сайн марзахойн кертахь а доцуш, сайн ковкерт дина ас. Цу ткъа шарахь цхьаьна Іаш, доьзалхо ца хилла тхан. И бахьана долуш, со цу кертара арайаькккхина. Сан цхьа а бакъо йуй оцу айса къахьегначу меттигана?

Зудчунна мел оьшуш долу хІума латтадар тІехь ду цІийндена. Ткъа и иштта долушшехь, шен цІийндена улле а хІоьттина, къахьегна цу зудчо. Оцу цІийндена мадарра гуш а ду цо хьоьгуш долу къа.

Тахана дуьненчохь и шиъ цхьаьна а дехаш, доьзалхо а воцуш, и стаг велча, цара цхьаьна вовшахдиттинчу даьхнех, дерриге а кепекан мах хадо йиш йолчу хІуманан мах хадийча, оцу зудчунна цуьнан даьхнех доьалгІа дакъа догІу шариІатехь. Нагахь санна, и зуда йеллехь, доьзалхо а воцуш, оцу стагана зудчун даьхнех нийсса ах дакъа догІу. Цундела, оцу белхашка а хьаьвсина, ша хьегначу къинна тІера йаьккхина-кх ас хІара аьлла, адамалла хьалха а йаьккхина (йа цуьнан, йа кхуьнан бехкана йоьхна хуьлийла и), оцу стага, ойла а йина, цу зудчо хьегначу къинна доьххург дІадала деза. Нагахь санна, и схьа ца лахь, Іедалан суьдехула шена догІург схьадаккха бакъо йу оцу зудчун.

**Шен даьхни йухалург цхьаьнга луш, йа закъалтана хІума а йиллина, йухалург луш лело беза некъ муха бу?**

Гатвелла волчу стагана гІо деш, цуьнга йухалург даьхни далар — цунна гІо дар ду, сагІийна делча санна, Делера йал а хир йолуш, оцу даьхнех шена са а ца лоьхуш, и луш делахь. Амма ша билгалйинчу хенахь и дІадалар гІиллакххехь ду. Ткъа и шен хенахь дІадалар ца нислахь, даьхни долчу дега хаийта деза шен и дІадала ца нисдаларан бахьана.

Даьхни йухалург луш, дІайазде боху вайга Дала. ХІунда аьлча, адаман вицвалар а хуьлу. Амма и йоза тоьшаллина ца хІутту, хІума дагадайита йаздеш ду и. Ткъа даьхни дІалучу хенахь шиъ теш хІоттаве боху.

Закъалтана хІума йиллар – тешам хилийтар ду. Механа йеза йолу хІума закъалтана а йуьллий, даьхни йухалург луш меттигаш нисло. Цо лоьхург хІун ду? Шега аьллачу хенахь и декхар йуха ца дерзадахь, нагахь санна закъалтана йиллина хІума йоьхкича, цуьнан даьхни меттахІуттур долуш делахь, и йохка а йоьхкина, диснарг и закъалтана хІума йиллинчуьнга дІадала деза цо, шен даьхни цунах схьа а эцна. Ишттачу некъаца дуьллуш ду нахана йуккъехь закъалт.



**ЙоІ маре йоьдуш, и цІера арайаккхале цуьнца махбар, бехкам болуш ду йа дац?**

Бусалба дино лоьхург хІун ду аьлча, йоІ, шен цІера арайалале, дас махбар ду, да вацахь, цу йоьІан велис. ХІунда аьлча, махбаза а болуш, оцу зудчунний, стаганний йуккъе эвхьазло йолахь, цара йеш йерг хьарамло йу. Цундела, уьш ларбархьама, и зуда дІайигале махбарна сихо йан йеза.

**Шаьш некъаш цІандеш болх беш ду. Дукха меттигаш нисло машенашкахь лелаш болчу наха корах шишанаш, совйаьлла мел йолу хІума аракхуьссуш. Некъаш бехдарх лаций алахьара боху.**

Шен кертара ша араваьлча, кертара нехаш аракхиссичхьана, урам бехбеш, шена ма-луъу лела веза моьттуш болу нах – уьш оьзда боцу нах бу. Зен ду цара дийриг, царна шаьш мел цІанбелла моттахь а.

ХІора зудчо а, стага а ша халкъана пайда берг дешвуте, йа зен дешву-те аьлла, терза хІотто деза. И санна долу гІиллакх бер жима долуш, цуьнан коьрта чу диллина хила деза. Тахана вайн республикехь арабевлла некъаш, урамаш цІандеш нах бу. Церан сий дан деза, хам а бен беза. Вайна дІадаха а, цІа дахка а оьшуш йолу меттигаш, бІаьрг бузош цІанйо цара. Церан сий ца деш, и некъаш бехдеш берш шайн сий дойуш бу, шаьш шайна тІе сиз хьокху цара.

Цкъа а лийр воцуш санна дуьне а лаха, кхана лийр волуш санна эхарт а лаха олуш хезнера шена, цунах кхетам лахьара боху.

Кхана лийр волуш санна эхарт лаха бохург хІун ду аьлча, хьо кханене вер вуй хууш дац, иза вайна къайлехь ду. Дуьненах Іеха мало бохург ду иза, со Ібадат дан кхуьур ву бохуш ма Іе бохург ду. Кхана дийр ду ас, тахана са а даьІна бохуш ма Іе бохург ду.

Іожалла маца хир йу ца хаьа хьуна, кханене ваьлча, хьайх дика стаг хиларе сатуьйсу ахь. Дала аьлла: «Вай тоьхнарг йу хан, цул тІаьхьа а тоттур йац Вай и хан, цул хьалха а узур йац».

Дала, Шена гергахь, вайна лучу рицкъана билгалйина йу вай хенаш.

Цкъа а лийр воцуш санна дуьне лаха бохург хІун ду? Даларан ойла йеш вай чохь хевшина Іийча, гІуллакх хир дац, кхидІа даха рицкъа лахар ду вайна тІехь. Амма и рицкъа лаха деза шен динна эшам ца беш, хьаналчу новкъахь.

***Кадыров***
***Хож-Ахьмад-Хьаьжа***

# ИСАЕВА МАРЬЯМ



ХЬЕХАРХО, ГОЧДАРХО, ЙАЗДАРХО ИСАЕВА МАРЬЯМ ХХ-ЧУ БIЕШАРАХЬ НОХЧИЙН ИСБАЬХЬАЛЛИН ЛИТЕРАТУРЕХЬ, КУЛЬТУРЕХЬ КХИАМЦА БОЛХ БИНАЧАРАХ ЙУ. ДIАДАХАНЧУ БIЕШЕРАН ХЬАЛХАРЧУ ЭХЕХЬ ЦО ДОККХА ГIУЛЛАКХ ДИНА КЪОМАНА ЙУКЪАХЬ ЙОЗА-ДЕШАР ДАРЖОРЕХЬ, ИСБАЬХЬАЛЛИН КУЛЬТУРА КХИОРЕХЬ.

ХХ-чу бIешеран 60-чу шерашкахь арайевлла Исаева Марьяман «Ирсан орам», «Ирс кхоллархой» романаш хIетахьлерчу вайнехан литературехь дикачарах йара. Нохчийн литературехь прозин жанр кхиорехь мехала хилла уьш.

Исаева Марьям йина 1898-чу шеран гIуран беттан 20-чу дийнахь Одессехь халкъан хьехархочун Хакишев Солтин доьзалехь. Iалхан-Юьртара вара Хакишев Солта. КIорггера дешна а волуш, шуьйра кхетам болуш вара Хакишев Солта, ма-дарра альча, халкъан серлонча вара. «Хакишев Солтас шен хенахь шуьйра йаржош хилла вайн халкъана йукъахь прогрессивни дог-ойла», – йаздора нохчийн гоьваьлла йаздархо, литературин критик волчу Сулаев Мохьмада. ХХ-гIа бIешо долалучу муьрехь Хакишев Солтас Лаха-Неврехь ишкол схьайиллина, цу хенахь керла йолу дешаран кепаш йукъа а йалош. Цул тIаьхьарчу хенахь дешаран учрежденешкахь, пачхьалкхан органашкахь тайп-тайпана белхаш бина цо, амма цкъа а хьехархочун дарж ца дитина. Хакишев Солтин дахар, цо къоман дешар кхиорехь кхочушдинарг, Нохчийчоьнан йукъараллин дахарехь дакъалацар, шайн хьокъехь кхоччуш талламаш а бина, тIекхуьучу тIаьхьенна довзийта дезаш дара. Шен хааршца, хьуьнарщца, къинхьегамна тIера хиларца шех масал эца хьакъ долуш стаг хилла Хакишев Солта.

Йуьхьанцара дешар Исаева Марьямана цIахь, шен доьзалехь Iамийна. ЙоьIан да Хакишев Солта, вай ма-аллара, лаккхара дешар дешна вара, нана - француженка а дешна хилла. Цара цIахь кхачам боллуш йуьхьанцарчу дешаран хаарш луш хилла шайн берашна. Марьям кхидIа деша йахийтина Одесса гIалин 2-чу гимназе. Одессера Хакишев Солтин доьзал Нохчийчу цIабирзича, Соьлжа-ГIаларчу гимназин 5-чу классе деша дIаэцна йоI, иза чекхйаьккхина цо. Гимназера йаьлча, хьехархойн курсаш а чекхйаьхна. Цул тIаьхьа шен да Хакишев Солта директор волчу Лаха-Неврерчу ишколехь оьрсийн меттан, литератратурин хьехархочун болх бина цо. Оцу ишколехь Исаева Марьяман дешархошна йукъахь хилла тIаьхьа сийлахь Iилманча хинволу Авторханов Iабдурахьман а, къоман гоьваьлла йаздархо хинволу Айсханов Шамсудди а. Авторханов Iабдурахьмана шен «Мемуараш» тIехь хьахийна Исаева Марьям. Оьзда гIиллакхаш долуш, тамехь, цIенчу куьцехь стаг йара шайн хьехархо, шаьш массо а иза дага а йоьхна дара бохуш, йаздина Авторханов Iабдурахьмана Исаева Марьямах лаьцна: «…молодая учительница была необыкновенной красоты, типа лермонтовских черкешенок, в которую мы все, конечно, тайно были влюблены, … писала стихи. По-женски нежные и безмятежные стихи ее до нас, мятежников, совсем не доходили». Исаева Марьяман кхолларалла стихашца дIайолайелла. Цуьнан дуьххьарлера стихотворенеш газетийн, журналийн агIонаш тIехь арайийлина.

Ишколехь хьехархочун балхахь дукха ца йитина Исаева Марьям, иза1920-чу шарахь Соьлжа-ГIала дIа а йигна, Нохчийчоьнан халкъан дешаран отделан дошкольни декъан куьйгалхо хIоттийна. Кхузахь балхахь йолуш цо алссам йазйина берашна лерина йолу произведенеш: туьйранаш, стихотворенеш, эшарш, тIаьхьо повесташ, дийцарш, пьесаш. Уьш цу хенахь Iаламат чIогIа оьшуш а, бераш кхетош-кхиорехь мехала а хилла.

Исаева Марьяма шена тIедиллина гIуллакх леррина, даггара кхочушдеш хилла. Дукха хан йалале кхин а жоьпалле болчу балха йахийтина иза. Граждански тIом болчу хенахь байлахь дисинчу берийн Iуналла деш, уьш берийн цIеношка дIанисдаран гIуллакхаш вовшахтухучу, царна оьшуш болу дешаран а, хьехаран а гIирсаш кечбечу дешаран отделан куьйгалхо хIоттийна Исаева Марьям. Доккха гIуллакх дина цо буоберийн терго йарехь, царна дешаран, Iер-дахаран хьелаш кхолларан белхаш вовшахтухуш.

1924-чу шарахь Исаева Марьям Ростов гIала ВКП(б) Къилбаседа Кавказан крайевой комитетан зударийн отделан куьйгалхочун балха дIайуьгу. Оцу хенахь Iедало чIогIа терго йеш хилла зударшна йукъахь дIабахьа безачу белхан. Исаева Марьям Нохчийчохь йевзина ца Iаш, арахьа а йевзаш хилла шен белхан хьуьнаршца, хааршца, даима белхан гIуллакхашна чу садиллина хиларца. Цундела йерриг Къилба седа Кавказехь и болх вовшахтохарца доьзна долу жоьпаллин дарж тIедиллина Исаева Марьямна. Цигахь болх барца цхьаьна Ростоверчу пачхьалкхан университетан филологин факультетехь а доьшу цо, иза кхиамца чекх а йоккху. Къоначу йаздархочун йукъара хаарш алсамдовларехь а, исбаьхьаллин корматалла кхиарехь а мехала хилла и хан.

1930-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь Исаева Марьям йуха а Нохчийчу балха схьайалайо. Халкъан дешаран, культура кхиоран тайп-тайпанчу учрежденешкахь куьйгалхочун белхаш бо цо. Ша муьлххачу балхахь хилча а исбаьхьаллин литературехь хаддаза къахьоьгуш йара иза. Йуьхьанца коьрта долчунна поэтически жанрашкахь йаздора цо. Зорбанехь арайевлира Исаева Марьяман йаккхий поэтически произведенеш, царах йара «Вайн дуьхьа эгнарш», «Лайла», «ГIамаран Iин» цIераш йолу поэмаш. Оцу произведенийн чулацамехь адамийн чолхе кхолламаш бу, историн халчу муьрехь а адамаш доьналлех ца духуш хиларан ойлайо авторо.

1931-чу шарахь Ростовехь арадолучу «На подъеме» журнала тIехь зорбатуьйхира «На путях становления национальной литературы Чечни» цIе йолу Авторханов Iабдурахьманан йоккха статья. Цу тIехь автора нохчийн къоман исбаьхьаллин литература кхиаран хьелаш довзуьйту, автора и кхочушдо шуьйрачу материала тIехь. Цо нохчийн йаздархойн дуккха а цIераш йоху, церан произведенеш йовзуьйту: Бадуев СаьIидан, Дудаев Iабдин, Нажаев Ахьмадан, Айсханов Шамсуддинан, Сальмурзаев Мохьмадан, Мамакаев Мохьмадан, З. Межидован, М. Йандаровн, Т. Эльдархановн, кхиболчийн а. Исаева Марьяман кхолларалла а хьахайо Авторханов Iабдурахьмана. Къона поэтесса нохчийн литературехь шен билггал йолу меттиг дIалоцур йолуш хиларх тешна ву иза. Цуьнан поэтически произведенеш «Зелимхан», «ГIамаран Iин, «Вайн дуьхьа эгнарш», «Лайла» шуьйра йевзаш хилла хIетахьлерчу нохчийн литературехь, уьш хрестоматеш тIехь, дешаран кинжкаш тIехь зорбатухуш а арайийлина. Халкъан бартакхоллараллех пайдаоьцуш йазйина йу «ГIамаран Iин» цIе йолу поэма. Нохчийн шира легенда йу поэмин буха йиллинарг. Исаева Марьяма къоман легендин чулацамна тIе а тийжаш керла произведени, исбаьхьаллин литературин произведени йазйина. Поэмин боккха кхиам хилла ша йазйинчу хенахь а, цул дуккха а тIаьхьа а. Вайн заманахь композитора Бексултанов Iумара симфонически поэма йазйина Исаева Марьяман «ГIамаран Iин» поэми тIехь.

Исаева Марьяма ишколашна дешаран кинжкаш а кечйина. Цо дакъалоцуш арахецна 1933-чу шарахь хьалхарчу даржан нохчийн ишколашна программаш. Нохчийчоьнан ишколашкахь 30-40-чу шерашкахь шех кхиамца пайдаоьцуш хилла цо хIоттийна литературин хрестомати а, кхийолу дешаран кинжкаш а.

Исаева Марьям йевзаш хилла дика гочдархо санна а. Цо нохчийн матте йаьхна оьрсийн литературин классикийн А.С. Пушкинан, М.Ю. Лермонтовн, И.А. Крыловн, Н.А. Некрасовн, А.П. Чеховн, С.Я. Маршакан, Украинин литературин классикин Т.Г. Шевченкон произведенеш. Исаева Марьяма гочйина йерриге произведенеш, дешаран кинжкаш тIехь зорба а тоьхна, нохчийн маттахь ишколашкахь Iамош хилла.

1937 шарахь Нохч-ГIалгIайн Республикин краеведенин музейн директор хIоттайо Исаева Марьям. Дуккха а шерашкахь болх бина цо музейхь. Къоман историн хьокъехь, Нохч-ГIалгIайчоьнан краеведених лаьцна алссам материалашца тIейуьзна музей, вовшахтоьхна музейхь Iилманан-талламан белхаш кхочушбар. Сийлахь-боккха Даймехкан тIом вайн Республикин дозанашна йуххе гIоьртина, мелла а кхерам тIехIоьттича, музейн мехала материалаш Iалашйаран болх вовшахтоьхна цо. 1944-чу шеран чиллин беттан 23-гIа де тIекхаччалц республикин краеведенин музейн куьйгаллехь лаьттина иза.

Нохчийн къам махках даьккхинчу хенахь берийн бошмашкахь а, ишколехь а хьехархочун белхаш бина Исаева Марьяма. Казахстанехь Джамбульски областехь Iийна иза. Цигахь ша теш хиллачу дахаран хьолех лаьцна, белхалойн хьаналчу къинхьегаман хьокъехь тIаьхьа йаздийр ду цо шен «Ирсан орам», «Ирс кхоллархой» романашкахь. Оцу муьрехь цигара дахар кIорггера тергалдеш, адамийн амалех кхиа гIерташ хилла йаздархо. ХIара Iаш йолчу Чолак-Тау поселкана гена йоццуш фосфоритан маьIданаш дохучу меттехь Iилманчех, инженерех, белхалойх лаьтташ йолу йоккха белхан коллектив хилла. Церан гIиллакхаш, йукъаметтигаш, белхан хьелаш тергалдина йаздархочо, хIетахь царах лаьцна цхьацца хIуманаш дIайаздеш, ша йазйан дагалаьцначу произведенешна кечам бина цо. И материалаш цунна пайдехь хилла, 1957-чу шарахь Казастанера цIайирзинчул тIаьхьа, йаккхийчу жанрашкахь йолу произведенеш йазйан йолайелча. Цо леррина, кхидолу гIуллакхаш а дитина, хаддаза болх бо исбаьхьаллин литературехь. Эпически жанрехь йолчу йаккхийчу произведенеш тIехь болх беш йара иза. Цо дагалаьцнера кхаа романах лаьтташ йолу трилоги йазйан. Оцу романех хьалхарниг арайелира 1964-чу шарахь. «Ирсан орам» цIе йолу роман. ШолгIаниг «Ирс кхоллархой» арайелира 1969-чу шарахь.

«Ирсан орам» романан чулацамехь ду нохчийн къам, махках а даьккхина, Казахстанехь хиллачу хенахьлера гIуллакхаш. 60-чу шерахьлерчу нохчийн литературин тематика шорйина Исаева Марьяман «Ирсан орам», «Ирс кхоллархой» романаша. Сийлахь-боккха Даймехкан тIом болчу хенахь Даймехкан хьал а, ницкъ а алсамдаккхарехьа йолчу Iалашоно цхьабарт беш вовшахтоьхначу тайп-тайпанчу къаьмнех долчу адамех лаьттачу къинхьегаман коллективо тылехь хIайттараллица болх бар гайтина «Ирсан орам» цIе йолчу романа тIехь. Белхалошна йуккъехь долчу интернациональни доттагIалло коллективан белхан хьуьнарш алсамдохуш хилар къеггина билгалдаьккхина автора.

Романа тIехь айбина йолу дуккха а проблемаш къастор автора кхочушдо билггал йолчу сюжетни зIенашца а. Романан мотт цIена бу, говза бу. Чолхенаш йац, цкъацкъа нохчийн йаздархойн произведенешкахь хуьлуш йолу ца оьшу диалектизмаш йац. Роман атта йешалуш йу, цу тIера хиламаш дагах хьакхалуш бу. Нохчийн литературехь шуьйра йевзаш йу иза а, цул тIаьхьа зорбанехь арайаьлла «Ирс кхоллархой» роман а. Трилоги йазйан Iалашо хилла йаздархочун. «Ирсан орам», «Ирс кхоллархой» романаш трилогин хьалхара ши книга ларалуш йу. Трилогин кхоалгIачу кинжкаш тIехь болх беш хилла йаздархо, амма иза чекхйаккха ца кхиъна автор.

Исаева Маръям кхелхина 1977-чу шеран эсаран беттан 17-чу дийнахь Соьлжа-ГIалахь. Цуьнан кхолларалла, цуьнан кинжкаш шайн мехалла лахйелла йац, уьш хIинца а республикехь кечйечу дешаран кинжкаш тIехь, хрестоматеш тIехь зорбатухуш йу.

*(I. Арсанукаевн книги тIера)*

# КОРАНИЧЕСКИЙ КЛЮЧ К ИСКУССТВУ СЛЫШАТЬ

КОГДА ВЫ В СЛЕДУЮЩИЙ РАЗ ОТКРОЕТЕ КНИГУ АЛЛАХА, СПРОСИТЕ СЕБЯ: «А УМЕЮ ЛИ Я ВООБЩЕ НАПРАВЛЯТЬ СВОЙ СЛУХ К СВОЕМУ СОЗДАТЕЛЮ?». ЕСЛИ МЫ ПОЗВОЛИМ СЕБЕ ТАКУЮ ЧЕСТНОСТЬ И УСЕРДИЕ, КОРАН ПЕРЕСТАНЕТ БЫТЬ ДЛЯ НАС НАБОРОМ ЗНАКОМЫХ СТРОК. ОН СТАНЕТ ТЕМ, ЧЕМ И ДОЛЖЕН БЫТЬ: УЧИТЕЛЕМ, ГЛУБОКИМ ИССЛЕДОВАНИЕМ И ЖИВЫМ, ВЕЧНО НОВЫМ ПУТЁМ.

Иногда достаточно одного слова в Коране, чтобы остановить поток привычных мыслей и заставить разум работать на полную мощь.

**Всевышний в Коране говорит (смысл комментария): «поистине, в этом – назидание для тех, у кого [восприимчивое] сердце [и разум], кто прислушивается [к наставлениям] и внимателен [к ним]» (сура «Каф», аят 37).**

Ключевым для нашего размышления здесь является выражение «кто прислушивается». Если сердце в аяте – главная цель, «сосуд», принимающий истину, то быть внимательным, прислушиваться – это необходимое условие, путь, через который весть проникает внутрь. Буквально оно означает «бросил свой слух». Это не пассивное слышание звуков, а активный, волевой жест. Учёные, толкователи Корана, объясняют это, как состояние, когда человек слушает не рассеянно, а внимательно, полностью сосредоточив свой разум на словах.

**НАВЫК, А НЕ АВТОМАТИЗМ**

Но что на практике происходит внутри нас, когда мы пытаемся совершить это действие? Теория коммуникации говорит, что путь от слова до смысла преграждает «шум». Внешний шум – это суета мира, внутренний – наши предубеждения, усталость и спешка. Когда Коран велит нам «направить слух», он даёт чёткую инструкцию: очисти канал. Удержи внимание настолько, чтобы слово дошло до уровня смысла, не исказившись в шуме твоего «эго».



**ОДИН АЯТ – ЧЕТЫРЕ ВОПРОСА К САМОМУ СЕБЕ**

Разумеется, человеческие теории не могут быть толкованием Божественного Слова. Однако современные знания о психологии восприятия могут послужить нам полезным инструментом – своего рода тренажёром для нашего рассеянного внимания, помогая структурировать личное размышление.

**В РАМКАХ ТАКОГО ПОДХОДА МЫ МОЖЕМ ЗАДАТЬ СЕБЕ ЧЕТЫРЕ ВОПРОСА.**

1. Слой вести. Какую истину об этом мире или о вечности сообщает мне этот аят?
2. Слой обращения. Как я ощущаю обращение Творца именно к моей душе в данный момент моей жизни?
3. Слой познания. Какое величие Господа открывается мне через эти слова?
4. Слой действия. К какому внутреннему усилию или поступку призывает меня этот смысл?

Коран не просто велит нам «верить» – он побуждает нас осознавать механизмы собственного разума. Аят о «направленном слухе» становится для верующего отправной точкой в исследовании самого себя.

Если первый призыв Ислама – «читай!» – велит нам искать знания и исследовать мир, то аят о «направлении слуха» даёт нам метод, как именно нужно воспринимать информацию, чтобы она не прошла мимо, а стала частью нашего сердца.

**ЗАКЛЮЧЕНИЕ**

«Направленный слух» – это личный духовный и интеллектуальный труд. Это сознательный отказ от поверхностности и «автопилота», которые так свойственны нашему времени.

Когда вы в следующий раз откроете Книгу Аллаха, спросите себя: «А умею ли я вообще направлять свой слух к своему Создателю?». Если мы позволим себе такую честность и усердие, Коран перестанет быть для нас набором знакомых строк. Он станет тем, чем и должен быть: учителем, глубоким исследованием и живым, вечно новым Путём.

*А. Меджидов*

**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**

**36 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**

**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928,
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 03.06.2026 г. 15:00. Подписано в печать: 036.06.2026 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

**16+**

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!